# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–10 अगस्त 2025** **भोजपुरी समाचार**

उत्तर प्रदेश विधान मंडल क बिहने से सुरू हो रहल मानसून सत्र के ले के आजु मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सर्वदलीय बइठकी में सामिल भइलें। बइठकी में सत्र के संचालन के ले के राजनीतिक दलन से कई गो बिन्दुअन पर चरचा भइल। एगो रिपोर्ट–

***विधानसभा अध्यक्ष ने सतीश महाना ने मानूसन सत्र से पहले आज सर्वदलीय बैठक बुलाई। इस बैठक में मुख्यमंत्री के साथ पक्ष और विपक्ष के नेता उपस्थित थे। इस दौरान कई बिंदुओं पर चर्चा हुई। विधानसभा अध्यक्ष सतीश महाना, वित्त एवं संसदीय कार्यमंत्री सुरेश खन्ना, नेता प्रतिपक्ष माता प्रसाद पांडेय, मंत्री संजय निषाद ओम प्रकाश राजभर, कांग्रेस की नेता विधान मण्डल दल आराधना मिश्रा, बसपा नेता उमाशंकर सिंह, जनसत्ता दल के नेता कुंवर रघुराज प्रताप सिंह भी इस बैठक में मौजूद रहे। उल्लेखनीय है कि कल से विधान मंडल का मानसून सत्र आरम्भ हो रहा है। विधान मंडल का मानसून सत्र का प्रस्तावित कार्यक्रम 16 अगस्त तक निर्धारित है। समाचार कक्ष से विवेक सिंह।***

एहसे पहिले मुख्यमंत्री आजु विधान भवन क प्रवेस दुआरि पर बनल नया गुंबद अउर सभा मण्डप क लोकारपण कइलें। एकरे अलावा उहां के नया बनल सभा कक्ष संख्या–पनरह अउर अतिविसिस्ट जलपान गृहो क उद्घाटन कइलीं।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर क गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दरसन में प्रदेस क कई गो जिला से आइल करीब दुइ सौ लोगिन क समेस्या सुनलें अउर सम्बन्धित अधिकारियन के समेस्या के जुरते निस्तारण बदे जरूरी दिसा–निरदेस दिहलें।

**********

प्रमुख रक्षा अध्यक्ष–सीडीएस जनरल अनिल चौहान आजु कहलें कि ऑपरेसन सिंदूर तिन्नो सेना के बिच्चे तालमेल अउर अभियान में समन्वय क प्रतीक हौ। जनरल चौहान सिकन्दराबाद में कॉलेज ऑफ डिफेंस मैनेजमेंट में एक्कइसवां हायर डिफेंस मैनेजमेंट कोर्स अउर सीनियर अधिकारियन के सम्बोधित करत ससस्त्र सेना में एकीकरण पर रणनीतिक दृस्टिकोंण साझा कइलें। उहां के भविस्य के संयुक्त अभियान के प्रारूपो क उल्लेख कइलीं।

**********

प्रदेस क सत्ताइस जिला में आजु से फाइलेरिया से बचाव क दवाई खियवले के अभियान क सुरूआति भइल। गोरखपुर के पांच गो बलाकन अउर नथमलपुर सहरी इलाका में सर्वजन दवा सेवन–एमडीए अभियान क सुरूआति मुख्य चिकित्सा अधिकारी डॉक्टर राजेश झा कइलें। उहां के बतवलीं कि एकरे बदे स्वास्थ्य टीमि हप्ता में चारि दिन– सोम्मार, मंगर, बियफे अउर सुक्क के घरे–घरे जा के लोगिन के फाइलेरिया से बचाव क दवाई खियायी। ई अभियान अट्ठाइस अगस्त ले चलावल जाई।

**********

हर घर तिरंगा अभियान में आजु प्रदेस क कई गो जिला में तिरंगा यात्रा निकारल जा रहल हौ। येही क्रम में आजु जौनपुर में आयोजित तिरंगा यात्रा में प्रदेस सरकार क राज्य मंत्री गिरीश चन्द्र यादव सामिल भइलें। ओहर, बलरामपुर में सदर विधायक पलटू राम के अगुआई में बलरामपुर देहात मण्डल में तिरंगा यात्रा जोस अउर उछाह के बिच्चे निकारल गइल। बनारसो में हर घर तिरंगा अभियान में तेरह अगस्त के जिला स्तरीय तिरंगा यात्रा निकारल जाई। ई यात्रा महात्मा गांधी काशी विद्यापीठ से सुरू हो के सम्पूर्णानन्द संस्कृत विश्वविद्यालय ले जाई। येह बरिस हर घर तिरंगा अभियान में बनारस में चारि लाख पचहत्तर हजार तिरंगा झंडा बांटि के घरे–घरे फहरवले क योजना बाटे।

**********

आजु विश्व शेर दिवस हौ। ई दिवस दुनिया भर में शेरन क संरक्षण अउर संवर्धन के बढ़ावा देवे बदे मनावल जाला। गुजरात एशियाई शेरन क संरक्षण में एगो खास जगहि के रूप में प्रसिद्ध हौ। हमरे संवाददाता बतवलिनि कि पोरबंदर के लग्गे बरदा वन्य जीव अभ्यारण्य पारिस्थितिकी अउर शेरन के विकास के दिसा में प्रगति कइ रहल हौ। एगो रिपोर्ट–

**कभी एक समय शेरो का एक गौण आवास रहा, बरडा अभयारण्य अभी 17 शेरों और पच्चीस तेंदुओं के साथ फल–फूल रहा है, जो वर्षों के पारिस्थितिक पुनर्स्थापन और वैज्ञानिक प्रबंधन का प्रतीक है। वन विभाग द्वारा रेडियो कॉलर और रीयल–टाइम ट्रैकिंग तकनीक के उपयोग ने शेर संरक्षण को पहले से कहीं अधिक प्रभावी बना दिया है। अब गुजरात में 891 शेर है जिसमे से आधे से ज्यादा गिर के बाहर हैं, यह दिखाता है की, प्रोजेक्ट लायन के अंतर्गत आवास विस्तार ने स्थायी वन्यजीव प्रबंधन के लिए नए मानक स्थापित किए हैं। अपर्णा खूंट आकाशवाणी समाचार अहमदाबाद ।**

**********

बनारस में गंगा अउर वरूणा नदी में बाढ़ि क पानी तेजी से घटले के बादो परभावित इलाकन में जन–जीवन सामान्य नाही भइल हौ। आजु प्रदेस क आयुष मंत्री डॉक्टर दयाशंकर मिश्रा दयालु कोटवा के बाढ़ि परभावित इलाका में पहुंचलें। परभावित इलाका में पीड़ित लोगिन से मुलाकाति के बादि आयुष मंत्री ओइजा बनल बाढ़ि राहत सिविर में लोगिन के किट उपलब्ध करवलें। ओहर, प्रयागराजो में गंगा क पानी धीरे–धीरे घटे लागल हौ। पानी घटले के बाद से जिला प्रसासनो अलर्ट मोड में हौ।

**********